

NaMutungamiri Dieter F. Uchtdorf

Mutevedzeri weChipiri muHutungamiri
Hwekutanga



Upenyu hweMudzidzi

Makore makumi matatu akapfuura ayo muGhana, mumwe mudzidzi wechidiki wepakoreji ainzi Doe akapinda mukati meimba yekusanganira yeVatendi Vamazuva Ekupedzisira kekutanga. Shamwari yakanga yakoka Doe kuti auye naye, uye Doe aiava nechido chakasimba chekuziva kuti Chechi yakanga yakaita sei.

Vanhu vaivamo vakanga vane rudo uye vaine ushamwari zvekuti zvakamumanikidza kufunga kuti, “Ichechi yerudzii iyoyi?”

Doe akava nekushamiswa zvikuru (netsitsi neushamwari hwenhengo dzeChechi) zvekuti akasarudza kuti adzidze zvakawanda pamusoro peChechi nevanhu vayo, avo vakanga vakazadzwa nemufaro mukuru wakadaro. Asi paakangotanga kuita izvozvo, dzimwe dzenhengo dzemhuri yake nedzimwe shamwari dzake vaidza izvo zvakanga zvakanyanya kumunakira vakatanga kupikisa tsvago dzake dzeChechi nenzira dzose. Vakataura zvinhu zvakaipisa pamusoro peChechi uye vakaita zvole zvavaikwanisa kumunyengetedza kuti arege kuipinda.

Asi Doe akanga agashira uchapupu.

Aive nerutendo, uye aida vhangeri, iro rakanga richizadza upenyu hwake nemufaro. Nokudaro, akapinda mumvura dzerubhabhatidzo.

Pashure, akanzvera zvikuru uye akanamata zvikuru. Akatsanya uye akatsvaga kuve nekurudziro yeMweya Mutsvene muhupenyu hwake. Nokuda kwaizvozvo, uchapupu nerutendo zvaDoe zvakakura zvakasimbisa neku-dzamisira. Pekupedzisira akasarudza kushandira ushumiri huzere kuna Ishe.

Mushure mekudzoka kubva kunoshandira ushumiri, akapfimbwa uye akachata nemukomana akanga ashandirawo

ushumiri—uyo aive mushumiri mumwecheteyo akanga amubhabhatidza makore akanga apfuura ayo—uye pashure vakasunganidzwa muTemberu yeJohannesburg South Africa.

Makore mazhinji apfuura kubva apo Doe Kaku paakatanga kunzwa mufaro wevhangeri raJesu Kristu. Manguva iyoyo yaakava nhengo yeChechi, upenyu hauna kugara hwakamunakira. Akasangana nerusuwo nematambudzi-ko, kusanganisira rufu rwevaviri vevana vake—rusuwo rwakadzama rwezviitiko izvozvo rwuchiri kumuremera zvikuru-kuru pamwoyo wake.

Asi iye nemurume wake, Anthony, vanoedza kuramba vakabatana uye nekuva pedyo naBaba vavo Vekudenga vanodiwa, avo vavanoda nemwoyo yavo yose.

Nhasi, makore makumi matatu mushure mekunge apinda mumvura dzerubhabhatidzo, Sisita Kaku vakapedza humwe hushumiri huzere chinguva chichangopfuura—panguva iyi vakashandira nemurume wavo, uyo akanga ari mutungamiri wehushumiri muNigeria.

Avo vanoziva Sisita Kaku vanoti panechimwe chinhu chinokosha pamusoro pavo. Rufaro rwavo rwakajeka uye rwunooneka kune avo vanovaona. Zvakaoma kupedza nguva navo usingazonzwa kunyanya kufara iwe pachako.

Uchapupu hwavo hwakasimba: “Ndinoziva kuti Muponesi anondiona semwanasikana Wake neshamwari Yake (ona Mosaya 5:7; Eta 3:14),” vanodaro. “Uye ndiri kudzidza nekuedza zvakasimbisa kuvawo shamwari Yake—kwete chete nezvandinotaura asiwo nezvandinoita.”

Tiri Vadzidzi

Nyaya yaSisita Kaku yakafanana neidzo nyaya dzevamwe vanhu vakawanda. Vakanga vaine chido chekuziva

chokwadi, vakaedza nesimba ravo rose kuti vawane chie-dza chemweya, vakaratidza rudo rwavo rwaMwari nerudo rwavo rwevamwe vanhu, uye vachiita izvozvo vakasanga-na nezvinetso nerusuwo.

Asi kunyange nepikiso uye rusuwo zvavakasangana nazvo, vakaramba vachifambira mberi murutendo. Uye vakaramba vaine mufaro wavo, izvo zvinova zvakangoko-sha sekuramba uine rutendo. Vakawana nzira kwete chete yekushingirira matambudziko eupenyu asiwo yekukura pamweya zvisinei nekuvapo kwawo!

Nyaya yavo yakafanana neyako neyangu.

Kashoma kuti rwendo rwedu rwuve nyore kana kusava nechiedzo.

Tese tine marwadzo emwoyo edu, zvigumbu zvedu, rusuwo rwedu.

Tingangogona kana kunzwa kuora mwoyo uye dzimwe nguva kukundikana.

Asi avo vanorarama upenyu hwemudzidzi—vanoramba vakatendeka uye vanoramba vachifambira mberi murutendo; vanovimba naMwari uye vachichengeta mirairo Yavo;¹ vanorarama vhangeri zuva rega rega nechinguva chega chega; vanopa mushando sewaKristu kune vamwe vanhu, nekuita chiito chakanaka chimwechete panguva nepanguva—ndivo avo vane zviito zvidiki zvavo zvinowanzoita siyano huru.

Avo vanoedza kunyanya kuva netsitsi, vanoedza zviku-ru kuregerera, uye vanoratidza ngoni kupfuura zvamazuva ose ndivo vanhu vane ngoni vachagashira ngoni.² Avo vanoita kuti nyika ino ive nzvimbo irinani, kuburikidza nekuita chiito chimwechete chemutsa nerudo panguva nepanguva, uye vanoedza kurarama upenyu hwakaro-pafadzwa, hunogutsa, uye hune runyararo hwemudzidzi waJesu Kristu ndivo avo vanozopedzisira vawana mufaro.

Vanozoziva kuti “rudo rwaMwari, rwunopararira rwega mumwoyo yevana vevanhu . . . ndirwo rwunodiwa kupfu-ura zvinhu zvose . . . uye ndirwo rwunonyanya kufadza kumweya.”³

ZVIMWE ZVINYORWA

1. Ona Mosaya 4:6
2. Ona Mateo 5:7.
3. 1 Nifai 11:22–23.

KUDZIDZISA KUBVA MUSHOKO RINO

Mutungamiri Uchtdorf vanotidzidzisa kuti nzira yehudzidzi yakaoma asi kuti avo vanorarama “upenyu hwerunyararo hwemudzidzi waJesu Kristu ndivo avo vachazopedzisira vawana mufaro.” Sekutaura kunoita

Mutungamiri Uchtdorf nyaya yaDoe kuitira kuratidza kuti mudzidzi wechokwadi waKristu anokwanisa sei kuwana runyararo nemufaro kunyange nezvinetso zveupenyu, ungangofunga kutaura nyaya kubva muu-penyu hwako pachako pamusoro pekuti sei uchisarudza kutevera Kristu uye kuti Akakusimbisa sei. Apo paunotungamirirwa neMweya, kutaura nyaya dzako pachako kunokwanisa kusimbisa avo vaunodzidzisa.

VECHIDIKI

Mufaro seMudzidzi waJesu Kristu

Wakambova nezuva rakaipa here? Chii chawakaita kuti uve unofara? Mutungamiri Uchtdorf vano-ziva kuti “tese tine marwadzo emwoyo edu, zvigumbu zvedu, rusuwo rwedu. Tingangogona kana kunzwa kuora mwoyo uye dzimwe nguva kukundikana.”

Mhinduro yavo ndeye kurarama zvavanodaidza kuti “upenyu hwemudzidzi”: “ramba wakatendeka uye ramba uchifambira mberi murutendo.” Apo pati-nofambira mberi murutendo, tinokwanisa kuvimba naMwari, kuchengeta mirairo Yavo, uye nekushandira vamwe—uye tichinzwa mufaro munguva dzazvo zvose! Sekutaura kwakaita Mutungamiri Uchtdorf, “Avo vanorarama upenyu hwemudzidzi . . . ndivo avo vane zviito zvidiki zvavo zvinowanzoita siyano huru.”

Funga kuita udorongodzwa hwenzira dzaunokwani-sa kurarama upenyu hwemudzidzi. Semuenzaniso, unokwanisa kunyora pasi pfungwa dzekushandira dzakaita “Sekubatsira mubereki kugadzira kudya kwemanheru” kana pfungwa yekuchengeta mirairo “Sekunamatira kuti ndikwanise kuve nemwoyo murefu wakanyanya nevana vamai vangu.” Nguva inotevera paunonzwa kushatiriswa kana kukundikana, buritsa mudorongodzwa wako, wosarudza pfungwa, uye woiedza!

VANA

Nguva dzeKufara nedzeKusuwa

Mamwe mazuva, anenguva dzisiri nguva dzine mufaro. Uye izvi hazvina kuipa. Jesu anokwanisa kukubatsira kudzikunda.

Tara mufanidzo une chiso chakasuwarara. Jesu angakubatsira sei apo paunenge wakuwira? Zvino chitara chiso chine kunyemwerera. Jesu angakubatsira sei kuti uve unofara?



Kurarama Upenyu Hwakatsaurwa

Nemunamato dzidza chinyorwa chino uye wotsvaga femero yekuziva izvo zvekudzidzisa. Kunzwisisa chinangwa cheChita cheRubatsiro kunozogadzira sei vanasikana vaMwari kuwana maropafadzo eupenyu husingaperi?

Rutendo Mhuri Rubatsiro

“Kutsaura zvinoreva kuisa padivi kana kupira chimwe chinhu sechionoera, chakamisirwa kuzvinangwa zvitsvene,” vakadaro Gosa D. Todd Christofferson veChikwata cheVaapositora vane Gumi neVaviri. “Kubudirira kwechokwadi muupenyu huno kunouya kuburikidza nekutsaurira upenyu hwedu—izvo zvinosanganisira, nguva yedu nesarudzo dzedu—kuzvinangwa zvaMwari.”¹

Gosa Neal A. Maxwell (1926–2004) veChikwata cheVaapositora vane Gumi neVaviri vakati, “Tino-wanzofunga nezvekutsaura chete sekupa, apo patinenge tarairwa muumwari, zvinhu zvedu zvepanyika. Asi rudzi rwepamusoro-soro rwekutsaura nderwe kuzvipira iwe pachako kuna Mwari.”²

Apo patinozvitsaurira isu pachedu kuzvinangwa zvaMwari, rutendo rwedu munaJesu Kristu nemuRudzi-kinuro Rwake zvinozowedzera. Apo

patinorarama upenyu hwakatsaurwa, tinokwanisa kuitwa vatsvene kuburikidza nezviito izvozvo zvekupira.

Carole M. Stephens, Mutevedzeri Wekutanga muHutungamiri hweChita cheRubatsiro, akati: “Gosa Robert D. Hales vakadzidzisa kuti, ‘Apo patinoita nekuchengeta zvbvumirano, tirikuzvibvisa kubva kunyika uye tichipinda muumambo hwaMwari.’”

“Tinoshandurwa. Tinoratidzika zvakasiyana, uye tinoita zvakasiyana. Zvinhu zvatinateerera kwazviri uye zvatinataura zvakasiyana, uye zvatinopfeka zvakasiyana nokuti tinova vanasikana vaMwari vakabatanidzwa kwaVari nechibvumirano.”³

Kutsaura chibvumirano chinaitwa naMwari “neimba yaIsraeri; Shure kwamazuva iwayo, ndizvo zvinotaura Jehova, Ndichaisa murairo wangu mukati mavo, ndichaunyora

pamwoyo yavo; ini ndichava Mwari wavo, ivo vachava vanhu vangu” (Jeremia 31:33). Kurarama upenyu hwakatsaurwa kunoyanana nechirongwa chaMwari kwatiri.

Zvimwe Zvinyorwa Zvitsvene

1 VaTesaronika 1:3; Dzidziso neZvbvumirano 105:5; reliefsociety.lds.org

ZVIMWE ZVINYORWA

1. D. Todd Christofferson, “Reflections on a Consecrated Life,” *Liahona*, Mbudzi 2010, 16.
2. Neal A. Maxwell, “Consecrate Thy Performance,” *Liahona*, Chikunguru 2002, 39.
3. Carole M. Stephens, “Wide Awake to Our Duties,” *Liahona*, Mbudzi 2012, 115–16.

Funga Izvi

Kutsaurira upenyu hwedu kuna Ishe kunotibatsira sei kuva saivo zvakanyanya?